



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 17/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIKSÈ DEZYÈM  
DEFI ADIRONDACK SEZON LETE 2016 LA**

***Pandan Defi Adirondack la, yo pral revele benefis rekò ki montre gran enpak ekonomik touris pote nan eta New York: 102 milya dola – yon ogmantasyon de plis pase 25% depi 2010***

***Plis pase 150 Ofisyèl Eli ak Manm Kominote a yo patisipe nan Defi Adirondack Sezon Lete 2016 la avèk Administrasyon Gouvènè Cuomo a***

***Videyo bon kalite pou televizyon Defi Adirondack jodi a disponib [isit](#); Foto yo [isit](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a siksè Defi Adirondack Sezon Lete 2016 la pou pwomouvwa pi bon destinasyon touristik ki gen nan New York yo epi mete aksan sou opòtinite lwazi ki genyen nan pati Zòn Nò a yo (North Country). Plis pase 150 ofisyèl eli ak manm kominote a yo – ki gen ladan l tou Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul – te patisipe nan defi ane sa a pou mete aksan sou aktivite anplennè yo, ki gen landan yo monte kannòt (rafting), randone, monte bisiklèt sou mòn ak pwomnad sou chwal, ki disponib pou vizitè nan rejyon an yo. Pandan Defi Adirondack la t'ap deroule, Gouvènè Adjwen an te revele yon nouvo benefis rekò ki montre gran enpak ekonomik de 102 milya dola touris pote nan Eta New York – yon ogmantasyon de 25 pousan depi 2010.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Rejyon Adirondack lan – soti nan grandè panorama peyizaj li yo rive nan aktivite ki disponib pou tout laj yo – se youn nan meyè kote pou eksplòre nan mond lan.” “Defi Adirondack ane sa a ap mete aksan sou sa ki pi bon rejyon an gen pou l ofri, epi tou selebre wòl enpòtan anpil touris jwe nan kreye travay ak agrandisman ekonomi pati Zòn Nò a (North Country). Mwen ankouraje tout moun pou yo mete Adirondacks nan tèt lis kote pou yo pase vakans pou ete sa a.”

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di:** “Anba Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap kontinye mete aksan sou bote Adirondacks yo epi mete an vedèt gran resous natirèl sa yo kòm yon gwo motè ekonomik atravè aktivite touristik yo.” “Chak ane, Defi Adirondack la mete aksan sou sa rejyon an gen pou l ofri lè li pote moun ki soti toupatou nan eta yo pou yo vin fè eksperyans otantisite Adirondacks yo, epi kreye nouvo anbasadè pou zòn nan.”

Defi Adirondack Sezon Lete 2016 la te reyini plis pase 150 ofisyèl leta ak lokal, lidè endistri touris ak moun ki renmen aktivite anplennè anpil yo pou patisipe nan aktivite lajounen yo, pou yo eksplòre Eta New York la, epi savoure gou pwodwi Manje ak Bwason Lokal NY yo. Evènman ki te fèt jodi a yo te gen ladan yo yon vwayaj desann larivyè endyen an sou kannòt (whitewater rafting down the Indian River), jwe gòlf nan klèb Cedar River Golf Club ki nan Indian Lake, yon pwomnad a pe prè 10 kilomèt (6 miles) rive OK Slip Falls, ki se pi

gwo chit dlo ki nan pak Adirondack lan, pèch alamouch nan Cedar River a; monte bisiklèt rive Pine Lake, ak monte chwal.

**VIDEYO** seremoni pou prim lan yo, ki gen ladan l'remak Gouvènè Adjwen Hochul, Manm Asanble Michael Cusick, Senatè Betty Little ak lòt prim Delege DEC Basil Seggos te prezante a yo ap disponib sou YouTube [isit](#).

**VIDEYO** ki gen moman makan jounen an yo, gen ladan l'Gouvènè Adjwen an ak patisipan defi a yo k ap desann Indian River a nan kannòt (whitewater rafting) ki disponib sou YouTube [isit](#) ak nan fòm bon kalite pou televizyon an [isit](#).

**FOTO** patisipan defi yo nan plizyè aktivite disponib [isit](#).

Videyo remak Gouvènè Adjwen an ak Seremoni Prim Defi Adirondack Sezon Lete 2016 la pral vini aprè.

### **Benefis Rekò ki Montre Gran Enpak Ekonomik Touris Pote**

Sou direksyon Gouvènè Cuomo a, investisman eta New York nan touris ap peye dividann. Depi 2011, leta a te investi 130 milyon dola nan devlopman touris; jodi a, enpak ekonomik endistri a nan New York rive yon nivo rekò 102 milya dola – yon ogmantasyon de 25 pousan depi 2010. Ogmantasyon touris la pote ofisyèlman opòtinite pou 894,000 travay ki gen rapò ak endistri touris la – yon ogmantasyon de 21 pousan depi 2010.

Gouvènè Adjwen Hochul te revele pi gwo rekò sa a pandan Defi Adirondack la jodi a. Deta konsènan kijan benefis yo repati ap disponib nan [Rapò sou Enpak Ekonomik Touris la](#), ki gen ladan l' rezilta swivan sa yo nou te jwenn sou touris pou Eta New York nan ane 2015 lan:

- Endistri a te pwodwi 8 milya dola nan taks leta ak taks lokal sou lavant.
- Depans vizitè yo te ogmante 26 pousan lè nou konpare yo ak ane 2010, ki se 63 milya dola.
- Yo prevwa kantite vizitè domestik ak entènasyonal pou Empire State la yo ap ogmante plis pase 19 pousan depi 2010, pou rive prèske 234 milyon vizitè ototal pou ane 2015 lan.

Tourism Economics te kondwi Rapò sou Enpak Ekonomik Touris la, yo te itilize lojisyèl IMPLAN, ke gouvènman, Inivèsite, òganizasyon piblik ak sektè prive toupatou nan lemond yo itilize tou.

### **Touris nan Adirondack**

Touris ap ogmante nan tout sektè nan Adirondacks yo. Ane pase, rejyon an te pote plis pase 1.3 milya dola nan depans dirèk vizitè te fè, yon ogmantasyon de plis pase 14 pousan depi 2010. An plis de sa, touris rejyonal te pwodwi 162 milyon dola nan taks leta ak taks lokal an 2015. Sektè ekonomik sa a patikilyèman enpòtan pou kwasans ekonomik rejyon an, li ap sipòte plis pase 21,000 travay epi li pwodwi yon revni travay de 612 milyon dola an

2015.

**Prezidan, PDG ak Delege Devlopman Empire State lan, Howard Zensky te deklare:**

“Angajman Gouvènè Cuomo nan Zòn Nò Eta New York la te bay kòm rezilta yon nonm rekò, soti nan to chomaj ki pi ba depi mwa Out 2007, pou rive nan pi gwo enpak ekonomik touris nan istwa Eta a. Jodi a, nan Defi Adirondack la nou ap fè eksperyans an premye lye tout sa ki gen pou yo renmen nan rejyon ki gen renomen mondyal sa a, epi ankouraje vizitè yo, swa ki soti anndan Eta oswa lòt kote, pou yo vin wè ak pwòp je yo poukisa se youn zòn touristik ki pi selèb nan New York.”

**Basil Seggos, Delege Depatman Pwoteksyon Anviwònman te di:** “Adirondacks se yon destinasyon ki gen kalib mondyal epi sou direksyon Gouvènè Cuomo, nou ap fè Pak enkwayab sa a pi aksèsib pou tout Nouyòkè ak vizitè nou yo. Efò pou n pwoteje plas piblik ak kalite dlo nou yo founi baz pou kwasans endistri touris la ki anretou bay sipò ekonomik enpòtan pou kominote lokal yo atravè pak la.”

**Richard Ball, Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta yo, te deklare:** “Pa gen moun ki fè plis pou ankouraje byen leta pou touris ki gen valè nou yo ak pwodikè agrikòl yo pase Gouvènè a. Defi Adirondack la bay nou opòtinite pou mete an valè pi meyè bagay de endistri sa yo ofri nan rejyon an. Atravè Inisyativ Gou NY (Taste NY) ki gen anpil siksè deja ak kanpay MWEN RENMEN NEW YORK (I LOVE NEW YORK) lan, nou kapab pataje ak lemond manje ak bwason lokal ki gen kalib mondyal ki soti Zòn Nò a yo (nan North Country) ansanm ak bote natirèl ak atraksyon lwazi inik li yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvel disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418